

ABSTRAK

Novianty Maryam. 2018. *Penerapan Model Problem Based Learning Terintegrasi Q.S. Ar-rum: 41 pikeun Ngaronjatkeun Hasil Diajar Siswa dina Konsep Kaanekaragaman Hayati di SMAN 17 Bandung*. Pembimbing 1 Dr. Cartono, M.Pd., M.T sarta Pembimbing 2 Gurnita, S.Si., M.P.

Panalungtikan ieu dilakukeun dumasar kana kasang tukang kurangna hasil diajar siswa kelas MIPA X SMA Negeri 17 Bandung dinahiji konsép nu di antawisna disebab keun kupenerapan model pembelajaran anu kirang cocok kukituna siswa jadi hésé dina ngaronjatkeun hasil diajar. Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa maké model pembelajaran Problem Based Learning Terintegrasi Q.S. ar-rum: 41 dina sub konsep ancaman jeung usaha ngaletarikeun Kaanekaragaman Hayati Di SMA Negeri 17 Bandung. Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta murid kelas X MIPA 5 anu jadi kelas eksperimen jeung X MIPA 7 anu jadi kelas kontrol. Metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta Quasii Eksperiment jeung desain One-Group Pretest-Posttest Design anu maké kelas kontrol. Instrumen panalungtikan anu dipaké nyaéta tés ngukur hasil diajar siswa mangrupa 10 soal PILIHAN GANDA anu disaluyukeun kalawan pencapaian indikator pembelajaran anu geus di uji cobakan saméméhna. Sanggeus di pigawe panalungtikan pretest jeung posttest, Peneliti neruskeun kalawan uji t kukituna hasil uji t kelas eksperimen signifikan kusabab ngabogaan nilai signifikan 0,959 anu leuwih gedé ti signifikan $\alpha=0,05$, uji t posttest oge signifikan kusabab ngabogaan nilai signifikansi 0,886. Sedengkeun pencapaian persentase rata-rata hasil diajar siswa di kelas eksperimen nyaéta 76,36% jeung postés di kelas kontrol nyaéta 66,67%. Hasil ngolah data dina ieu panalungtikan nunjukkeun yén hipotésis nolak H_0 kukituna bisa disimpulkeun yén pamakéan model pembelajaran problem based learning terintegrasi Q.S. ar-rum: 41 dina sub konsep ancaman jeung usaha ngaletarikeun kaanekaragaman hayati bisa ningkatkeun hasil diajar siswa.

Kecap Konci : Problem Based Learning terintegrasi Q.S. Ar-rum: 41, Hasil Diajar Siswa